

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén:

- a. Wangun rumpaka kawih album *Degung Sunda Manis* kaasup kana wangun puisi modéren sabab teu kauger ku fungsi sisindiran jeung guguritan. Laras anu kapanggih dina rumpaka kawih album *Degung Sunda Manis* nyaéta laras pélog ti kawih kahiji nepika kadalapan.
- b. Hasil panalungtikan struktural, imaji anu kapaluruh nyaéta aya 9 imaji auditif, 11 imaji visual, sarta 11 imaji taktil. Ku ayana ieu imaji-imaji kekecapan karasa leuwih variatif. Simbul/lambang anu katitén dina ieu rumpaka aya 21. Salian ti éta, sabada ditalungtik musicalitas dina rumpaka kahiji nepika kadalapan didominasi ku vokal *a*, sarta konsonan *n* jeung *ng*. Ku sabab kitu, ieu rumpaka kaasup kana karakter eufoni nyaéta merenah pikeun dihaleuangkeun. Tapi sanajan kitu, aya sababaraha kecap anu kaasup kana kakofoni. Tapi kusabab leuwih loba karakter eufoni, karakter kakofoni teu mangaruhan kana robahna kaéndahan rumpaka.
- c. Ajén éstética dina ieu panalungtikan ngawengku ajén éstética kabasaan jeung ajén éstética eusi. Ajén éstética kabasaan anu ngawengku purwakanti jeung gaya basa. Tina sapuluh wanda purwakanti nurutkeun Salmun, kapaluruh 100 purwakanti di antarana: salapan purwakanti pangluyu, 57 purwakanti maduswara, hiji purwakanti cakraswara, tilu purwakanti laras purwa, opat purwakanti laras madya, 14 purwakanti laras wekas, 11 purwakanti mindoan kawit, sarta hiji purwakanti mindoan wekas. Ku kituna purwakanti anu panglobana kapaluruh nyaéta purwakanti maduswara. Purwakanti maduswara nyaéta purwakanti anu miboga sora anu sarua dina unggal tungtung kecapna. Sedengkeun dina ieu rumpaka teu kapaluruh purwakanti mindoan kecap jeung purwakanti margaluyu. Purwakanti mindoan kecap nyaéta purwakanti anu timbul lantaran malikna kecap dina kalimah tapi béda harti. Sedengkeun purwakanti margaluyu nyaéta purwakanti nu timbul lantaran aya kecap dina tungtung padalisan anu dibalikan deui dina awal padalisan sapandeurieunana. Salian ti éta, tina 12 wanda gaya basa nurutkeun Sudaryat, kapaluruh tujuh gaya

basa, kalayan jumlahna 27 gaya basa di antarana: hiji gaya basa ngumpamakeun, genep gaya basa lalandian, opat gaya basa mijalma, dua gaya basa ngasor, hiji gaya basa raguman, lima gaya basa rarahulan, sarta dalapan gaya basa silib. Sedengkeun dina ieu rumpaka teu kapaluruh gaya basa ocon, gaya basa rautan, gaya basa kadalon, gaya basa ébréhan, sarta gaya basa kahanan. Cindekna, dina ieu rumpaka kawih album *Degung Sunda Manis* pangarang loba ngagunakeun kekecapan anu diganti ku basa séjén sangkan karasa puitisna. Dina analisis ajén éstética eusi téma anu kapanggih nyaéta ngeunaan asmara percintaan. Nada anu remen kapanggih nyaéta ngeunaan perkara hiji hal. Rasa anu remen kapanggih nyaéta rasa sedih. Salian ti éta, amanat anu nyangkaruk dina rumpaka kawih album *Degung Sunda Manis* di antarana saupama urang aya hayang, urang kudu bisa nyumponan kahayang urang ku cara usaha sacara bener-bener. saupama hayang mikanyaho hiji hal, urang kudu loba tatanya. Ulah nepi ka poékeun obor, mikanyaah ka hiji jalama kudu bener-bener, ulah ngaheureuykeun haténa, sarta kudu wani bajoang dina ngalakukeun naon anu dipikahayang.

## 5.2 Implikasi

Tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban dunya paélmuan ngeunaan sastra hususna rumpaka kawih Sunda. Boh tina strukturna, boh tina unsur éstétikana. Tina hasil ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngahudang karep numaca pikeun nyieun karya sastra anu Sarupa ngagunakeun téknik proses kréatifna séwang-séwangan.

## 5.3 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan tangtu masih kénéh loba kahéngkéranna. Ku kituna pikeun ngaronjatkeun hasil panalungtikan, ieu di handap aya sababaraha saran anu kudu diperhatikeun.

- 1) Pikeun panalungtikan saterusna, ieu panalungtikan ukur museur kana structural jeung ajén éstética. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan anu ngaguar ngeunaan ajén budaya, ajén atikan, jsb.
- 2) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikaresep kana kawih-kawih Sunda minangka seni anu kiwari tuluy-tumuluy mekar nuturkeun kamekaran jaman.

